

NeMutungamiri
Thomas S. Monson



Basa Redu roKununura

KuVatendi Vamazuva Ekupedzisira kudikanwa kwekununura mabhuratha nemasisita edu avo, nokuda kwechimwe chikonzero, vakatsauka kubva munzira yekusimba muChechi kune kukosha kwekusingaperi. Tinoziva here vanhu vakadaro avo paneimwe nguva vakatambira nokurarama vhangeri zvakazara? Kana tichivaziva, basa redu nderei mukuvanunura?

Funga nezve vakarasika pakati pevakwegura, shirikadzi netsvimborume, uye navarwere. Kazhinji chaizvo vanowanikwa murenje rakaoma rekuva uri wega rinonzi kusurikirwa. Apo hudiki pahunopera, apo utano pahunoderera, apo simba parinoderera, apo chiedza chetariro pachinotanga kudzima, vanokwanisa kubatsirwa nokutsigirwa neruoko runobatsira uye nemoyo unoziva nyasha.

Kune vamwe, chokwadi, vanoda kununurwa. Vamwe vanotambudzika nechivi uye vamwe vanodzungaira mukutya kana mukushaya hanya kana mukusaziva. Nokuda kwechikonzero chipi zvacho, vakazvibvisa kubva mukusimba muChechi. Uye chokwadi vangangoramba vakarasika kusara kokunge matiri isu—nhengo dzakasimba dzeChechi—mamuka chido chokununura nokuponesa.

Mumwe Munhu Anotaridza Nzira

Imwe nguva yakapfuura ndakatambira tsamba yakanyorwa nemurume akanga atsauka kubva muChechi.

Inopa muenzaniso wenhengo dzedu zhinjisa. Mushure mokunge atsanangura kuti akava asisina kusimba muChechi sei, akanyora:

“Ndakanga ndiine zvakawanda chaizvo uye zvino ndava nezvishomanana. Handisi kufara uye ndinonzwa sokunge ndiri kukundikana muzvinhu zvose. Vhangeri harina kumbobva mumoyo mangu, kunyangwe zvazvo rakabva muupenyu hwangu. Ndinokumbira minamoto yenyu.

Ndapota musakanganwa avo vedu vari kunze kuno—Vatendi Vamazuva Ekupedzisira vakarasika. Ndinoziva kune Chechi, asi dzimwe nguva ndinofunga kuti ndinoda mumwe munhu kuti anditaridze nzira, andikurudzire, abvise kutya kwangu, uye apupure uchapupu kwandiri.”

Apo pandaiverenga tsamba iyi, ndakarangarira kushanya kwandakaita kune imwe yedzimba dzakanakisisa dzemunyika dzinoonekwa mifananidzo nezvivezwa—iyo inomukurumbira inonzi Victoria and Albert Museum muLondon, England. Imomo, mune mufananidzo wakaiswa mufuremu yakanaka zvikurusa, wakanyoronyodwa neunyanzvi hukuru muna 1831 naJoseph Mallord William Turner. Mufananidzo uyu unotaridza makore matema-tema uye nehukasha hwegungwa rine masaisai makuru emvura irikusumudzwa nemhepo anotaridza kuuya kwenjodzi nerufu. Chiedza chinobva

pachikepe chisisakwanise kuramba chichifamba chinopenya nokure kure. Kumberi, kune igwa rekununura guru riri kuvhuvhutwa richikandwa mudenga nema-saisai anouya emvura inemafuro. Varume vanodhonzha nesimba rose pamatanda anofambisa igwa apo igwa rokununura iri parinopinda mukati medutu. Pamahombekombe pakamira mudzimai nevana vaviri vakatota nemvura inonaya uye vari kuvhuvhutwa nemhepo. Vakatarisa kugungwa vachishushikana zvikuru. Mupfungwa dzangu ndakapfupisa zita remufananidzo. Kwandiri rakave *Kunonunura*.¹

Pakati pematambudziko eupenyu, njodzi iripedyo. Varume nevakadzi, vakomana nevasikana vanozviwana vavharirwa vasisakwanisi kuenderera mberi uye vatarisana nemharadzo. Ndiani anozobatsira avo varikutambudzika, achisiya kudekara kwemumba nemhuri, achienda kunonunura?

Basa redu harisi risingakwanisiki. Tiri pabasa raIshe; tinekodzero yerubatsiro Rwavo.

Panguva yehushumiri hwaTenzi, Akadaidza vabati vehove paGarirea kuti vasiye vutava hwavo uye vaMutevere, achitaura kuti, “Ndigokuitai vabati vavanhu.”² Ngativei nhengo dzevabati vevarume nevakadzi, kuitira kuti tigokwanisa kupa rubatsiro rwupi zvarwo rwatinokwanisa.

Tine basa rokunanavira kuti tinunure avo vakabva padziviriro yekusimba muhechi, kuitira kuti ivavo vagokwanisa kuunzwa kutafura yaIshe kuti vadye pashoko Rake, kuti vanakirwe neufambidzani hweMweya Wake, uye kuti vachirega kuva “vaeni navatorwa, asi vobwo pamwechete navatsvene, neveimba yaMwari.”³

Musimboti weRudo

Ndakawana kuti zvikonzero zviriri zvikuru ndizvo zvinonyanya kuita kuti vanhu vadzoke mukusimba muhechi uye kuti vashandure mafungiro, tsika nezviito zvavo. Chokutanga, vanhu vanodzoka nokuda kwekuti mumwe munhu akavaratidza kwaniso dzavo dzokusingaperi uye akavabatsira kusarudza kubudirira padziri. Avo vasisina kusimba muhechi havakwanisi kugutsikana kwenguva yakareba nezvakaderera kana vachinge vaona kuti vanokwanisa kuwana zvakanakisisa zvapamusoro-soro.

Chechipiri, vamwe vanodzoka nokuda kwekuti

vadikanwi kana kuti “vobwo pamwechete navatsvene” vakatevera kuraira kweMuponesi, vakada vokwavo sezvavanzovida ivo⁴ uye kuti vakabatsira vamwe kuti zviroto zvavo zvizadzikiswe uye kuti vavariro dzavo dziitike.

Chikurudziro mukuitika kweizvi chaiva—uye chicharamba chiri—musimboti werudo.

Muchokwadi chaicho, avo vanhu vakanga vavharirwa mumasaisai emvura makuru emugungwa remufananidzo waTurner vakafanana nevazhinji venhengo dzedu dzisisina kusimba muhechi idzo dzakamirira kununurwa neavo vanozobatsira varikutambudzika. Moyo yavo inoshuvira rubatsiro. Vanamai nanababa vanonamatira vanakomana nevanasikana vavo. Vakadzi vanodetembera kudenga kuti varume vavo vangangobatwa pamoyo. Dzimwe nguva vana vanonamatira vabereki vavo.

Munamato wangu ndewekuti tingava nechido chokununura avo vasisina kusimba muhechi uye tovadzosa kurufaro rwevhangeri raJesu Kristu, kuitira kuti vagotambira pamwepo nesu izvo zvole uwadzani huzere zvahunopa.

Ngatinavirei kuti tinunure avo vakarasika vakatikomberedza: vakwegura, shirikadzi netsvimborume, varwere, avo vakaremara, vasisina kusimba muhechi, uye neavo vasiri kuchengeta mirairo. Ngatitambandzirei kwavari ruoko runobatsira uye moyo unoziva nyasha. Nokuita kudaro, tinozounza rufaro mumoyo yavo, uye tinozonzwa kugutsikana kukuru kunouya kwatiri apo patinobatsira mumwe nemunzira yekuupepe nyu hwekusingaperi.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Musoro wenyaya wakazara wemufananidzo unoti *Life-Boat and Manby Apparatus Going Off to a Stranded Vessel Making Signal (Blue Lights) of Distress*.
2. Mateo 4:19.
3. VaEfeso 2:19.
4. Ona Mateo 22:39.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Funga kubvunza vanhu vamunoshanyira kana vachiziva mumwe munhu ari kutambudzika kuuya kuchechi. Ungangosarudza munhu mumwechete uye mokurukura nzira dzokutaridza rudo, sezvakaita kumukoka kuti atore chinhanho mumanheru emhuri kana kuti auye kuzodya nemhuri.

VECHIDIKI

Chipo chaJen

NaJosi S. Kilpack

Ndakaita sarudzo dzakawanda dzakanga dzisina kunaka mugore rangu rechipiri kuchikoro chese-kondari. Sarudzo idzodzo dzakatungamirira kumibairo yakakomba norusuwo, uye ndikasarudza kushandisa zororo rangu remuzhizha kutanga kuita shanduko. Apo chikoro pachakatanga zvakare, ndaidya kudya kwangu kwemasikati muimba yokugezera kana kuti mupaseji isina munhu kuitira kuti ndidzivirire ukama hwakaipa hwakanga hwakamirira kunditambira pandakadzokera kuchikoro.

Ndakanga ndisati ndambonzwa kusurikirwa kwakadaro.

Zvino Mwari Vakandipa chipo: Vakanditumira Jen. Haana kumbonditonga pazvitadzo zvangu asi panokudaro akandikurudzira kuti ndirambe ndichiita zvinhu izvo zvandaiziva kuti zvakanaka. Kuziva kuti aizenge ari kuchikoro kwakandibatsira kuramba ndichiverenga magwaro matsvene angu nekukudziridza uchapupu hwangu. Pakazosvika nguva yokugirajuweta, ndakanga

ndazvipwisa kuti ndainge ndazvitsidzira kushanduka.

Dzimwe nguva ndinoshama kuti ndingadai ndiripi nhasi dai Jen asina kunanavira kwandiri. Ndaizokwanisa here kuramba ndakashinga pamisimboti yangu dai akanga asipo? Nokuda kwerombo rakanaka, handimbofa ndakaziva nokuti akanga aripo nemoyo wake wose, akagadzirira uye achida kundibatsira.

Munyori wenyaya iyi anogara muUtah, USA.

VANA

Nzira dzoKununura

Mutungamiri Thomas S. Monson vanodzidzisa kuti tinofanira kunanavira kuna vamwe, kusanganisira vakwegura, shirikadzi netsvimborume, varwere, vasisina kusimba muचेची, uye avo vanoda rumwe rubatsiro. Funga pamusoro pevanhu vaunoziva vangangoda rumwe rubatsiro.

Nyora pasi kana kutara mifananidzo yemazano enzira dzaunokwanisa kubatsira nadzo vamwe vevanhu ava. Ungangokumbira vabereki vako kukubatsira kufunga nezve mazano acho zvino wosarudza rimwechete rokuedza vhiki rino.



Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

Basa Dzvene raJesu Kristu: Musiki

Nomunamato dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu. Kuwana rumwe ruzivo, enda kureliefociety.lds.org.

chi ndicho chokutanga muzvitevedzano zvezvinyorwa zveMashoko eDzidziso Yekushanyirana zvinopa zvimwe zvikamu zvebasa reMuponesi.

Jesu Kristu “Akasika matenga nepasi” (3 Nifai 9:15). Akaita kudaro kuburikidza nesimba rehupirisita, ari pasi perairo yaBaba vedu Vokudenga (ona Mosesi 1:33).

“Tinofanira kutenda zvikuru kuti Musiki akachenjera akasika pasi uye akatiisa pano,” vakadaro Mutungamiri Thomas S. Monson, “. . . kuti ti-gowana nguva yokuedzwa, mukana wekutaridza kwaniso yedu kuitira kuti tikodzere zvose izvo Mwari zvaVakatigadzirira kuti titambire.”¹ Apo patinoshandisa sarudzo yedu kuteerera mirairo yaMwari nokute-ndeuka, tinova vakakodzera kudzo-keru kunogara naVo.

Nezve Kusika, Mutungamiri Dieter F. Uchtdorf, Mutevedzeri Wechipiri muHutungamiri Hweku-tanga, vakati:

“Isu tisu chikonzero chaAkasikira pasi nematenga! . . .

“Ichi ndicho chirevo chino- taura zvinopikisana pamusoro pemunhu asi chiri chechokwadi:

mukuenzaniswa naMwari, mu- nhu haasi chinhu; asi tiri zvinhu zvose kuna Mwari.”² Kuziva kuti Jesu Kristu akatisikira pasi nokuda kwekuti takakoshesesa kupinda zvinhu zvose kuna Baba Vokudenga kunokwanisa kutibatsira kuwedzera rudo rwedu kwaVari.

Kubva muMagwaro Matsvene

Johane 1:3; VaHeberu 1:1–2; Mosaya 3:8; Mosesi 1:30–33, 35–39; Abrahamama 3:24–25

Kubva muNhorondo Yedu

Takasikwa mumufananidzo waMwari (ona Mosesi 2:26–27), uye tine kwaniso tsvene yokuva saMwari nokuti tiri vana Vavo. Muporofita Joseph Smith vakakurudzira zvaka- simba masisita muChita cheRuba- tsiro kuti “vararame zvinoenderana nemikana [yavo].”³ Nekurudziro iyoyo sehwaro, masisita muChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira vakadzidziswa kuti vararame zvinoenderana nekwaniso yavo tsvene kuburikidza nokuzadzi- kisa chinangwa chaMwari kwavari. “Apo pavanosvika pakunzwisisa kuti iwo ndivanaani chaizvo—vanasikana

vaMwari, vane kwaniso yavaka- zvarwa nayo yokuda nokuriri- tira—vanosvika pakwaniso yavo semadzimai matsvene.”⁴

“Zvino maiswa mumamiriro ezvinhu umo mamunokwanisa kuita zvinhu maererano netsitsi idzo Mwari dzaVakadzika muzvipfuva zvenyu.” Vakadaro Muporofita Joseph Smith. “Kana mukararama zvinoenderana nemisimboti iyoyo zvinganaka nokurumbidzwa zviku- rusa! . . . kana mukararama zvino- enderana nemikana yenyu, ngirozi hadzizokwanisa kudzivirirwa mu- kuva vafambidzani venyu.”⁵

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “The Race of Life,” *Liahona*, Kubvumbi 2012, 91.
2. Dieter F. Uchtdorf, “You Matter to Him,” *Liahona*, Mbudzi 2011, 20.
3. Joseph Fielding Smith, mu*Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 171.
4. *Daughters in My Kingdom*, 171.
5. Ona Joseph Smith, mu*Daughters in My Kingdom*, 169.

Chii Chandingaite?

1. Kutsvaka kunzwisisa hunhu hwedu hutsvene kunowedzera sei rudo rwedu kuMuponesi?
2. Tingataridza sei kutenda kwedu kuzvisikwa zvaMwari?